



Men 3 fason ou kapab vote nan Eleksyon Jeneral kap vini an...

1. NAN BIWO VÒT OU PANDAN JOU ELEKSYON AN



Vote an pèsòn nan biwo vòt ou, a pati de 6:00 a.m. jiska 8:00 p.m. **nan Jou Eleksyon an, 7 novanm.** Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo.

Ale nan adrès entènèt **VOTE.NJ.GOV** pou jwenn biwo vòt pa ou, ki sou paj Polling Locations oubyen Kote pou Vote yo.

2. VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN



Opsyon sa a pèmèt tout elektè ki rejistre yo depoze bilten vòt yo **an pèsòn, lè yo itilize yon machin pou vote, pandan yon peryòd nèf jou ki tonbe avan Jou Eleksyon an.** Ou kapab chwazi vote, an pèsòn, lè sa pi pratik pou orè pa ou.

Kelkeswa kote ou viv nan konte an, ou kapab vote bilten spesifik pa ou nan nenpòt nan sit ki deziyen pou eleksyon antisipe an pèsòn nan konte **pa ou** Jwenn sit ki nan konte ou an nan adrès **VOTE.NJ.GOV**.

Sit pou vòt antisipe an pèsòn yo pral ouvri **samdi 28 oktòb pou jis dimach 5 novanm.** Lè ouvèti yo pral **lendi-samdi, 10:00 a.m. - 8:00 p.m. epi dimanch 10:00 a.m. - 6:00 p.m.** Ou pa bezwen pran randevou pou sa. Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo.

3. BILTEN POU VOTE-NAN-LAPOST




Elektè ki anrejistre yo kapab fè demand pou resevwa youn bilten pou vote pa lapòst ki rele **vote-by-mail** lè yo swiv enstriksyon yo ki nan site **VOTE.NJ.GOV** oubyen lè yo kontakte Grefye Konte an.

Lè ou fini, VOTE epi RETOUNEN bilten ou an pa youn nan fason sa yo...

- **Lapòst:** Bilten pou vote-nan-lapòst ou an **DWE** genyen sou li kachè ki montre ou depoze li a **8:00 p.m. nan dat 7 novanm** oubyen avan sa, epi se pou yo resevwa li nan Komisyon Elektoral konte ou an nan dat 13 novanm oubyen avan sa.
- **Bwat Depo Sekirize pou Bilten:** Mete bilten pou vote-nan-lapòst ou nan youn nan bwat depo bilten sekirize nan konte ou an a 8:00 p.m. nan dat 7 novanm pou pi ta. Ou kapab jwenn lokal kote bwat depo yo ye nan sit **VOTE.NJ.GOV**.
- **Biwo Komisyon Elektoral:** Depoze bilten pou vote-nan-lapòst ou an pèsòn nan Biwo Komisyon Elektoral konte ou an a 8:00 p.m. nan dat 7 novanm pou pi ta. Enfòmasyon pou kontakte Ofisyèl Elektoral Konte yo disponib nan sit **VOTE.NJ.GOV**.

NÒT: Bilten pou Vote-nan-lapòst yo PA KAPAB depoze nan sit vòt antisipe ni nan biwo vòt yo.



Gouvènè Phil Murphy
Sekretè Deta Tahesha Way

1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)
Vote.NJ.Gov

